



WIC Eligibility Check List (Haitian-Creole)

Dat randevou: _____ Lè randevou: _____

Pou w kapab kontinyé resevwa sèvis WIC pou oumenm ak moun nan fanmi w, men kisa ou pral bezwen pote: (Si gen anyen nan lis pi ba la a ou pa kapab pote, fè anplwaye WIC yo konnen.)

- ✓ **Mennen tout moun nan fanmi w ou vle ki pou resevwa sèvis WIC.**
- ✓ **Kantité lajan moun ki rete lakay ou touche** (Gade lòt bò papye a, pou wè ki prèv ou kapab poté.)
- ✓ **Kote ou rété (adrès oswa rezidans).** Tanpri, poté YON prèv ki montre kote ou rété. Papye a pa dwe ansyen, epi li dwe montre non ak adrès ou (pa poté nimewo Bwat Postal)

Men kisa ou kapab pote:

- Bòdwo sèvis (kouran elektrik, dlo, telefòn, elatriye...)
- Papye labank oswa konpayi asirans
- Papye lekòl, ki pa ansyen
- Lisans chofè
- Lèt / anons pou mete yon timoun rete nan yon fanmi kap okipe l
- Akò pou lwaye/ipotèk sou kay
- Lèt moun ki rete menm kote ak moun kap fè demann nan ekri, ansanm ak prèv ki montre adrès (tankou bòdwo pou sèvis, dlo, telefòn, kouran elektrik, elatriye..., avèk non ak adrès moun ki rete menm kote a)
- Lèt pou militè, Etazini
- Kat jeyografik ofisyèl, ki montre kote moun nan rete
- Souch chèk peman, avèk non ak adrès
- Kat didantite leta bay, avèk pòtre moun nan
- Lèt sant refij, ak siyati anplwaye sant la, epi dat
- Resi pou taks sou byen moun nan genyen, papye taks W2 pou ane ki pase a (kapab sèvi sèlman pou janvyè ak fevriye ane sa a)
- Dokiman chomè
- Kat pou anrejistre pou vote
- Rejistrasyon machine

Remak: Yon moun kapab kalifye pou WIC menm si ou pa ameriken, epi estati imigrasyon w pa yon pwoblèm.

- ✓ **Idantifikasyon.** Tanpri, pote YON pyès didantite pou **oumenm** ak YON pyès didantite pou chak **tibebe** oswa **timoun** ou vle ki resevwa WIC. Dokiman an pa dwe ansyen.

Men kisa ou kapab pote:

- Batistè
- Sètifika nesans
- Kat didantite oswa papye lekòl, ki pa ansyen
- Desizyon tribinal (divòs, sipò pou pitit, konpansasyon pou divòs, adopsyon)
- Lisans chofè
- Lèt / anons pou mete yon timoun rete nan yon fanmi kap okipe l
- Papye kalifikasyon Health Start Risk, ak tout enfòmasyon ekri ladan-n
- Kat didantite pou sante, travay, oswa sèvis sosyal (pa kat Medicaid)
- Dosye lopital pou tibebe sèlman (tankou, kat bèso, brasle didantite, papye pou egzeyate, aplikasyon pou kat Sosyal Sekirite oswa sètifika nesans)
- Dosye imigrasyon
- Dosye sou vaksen
- Lisans maryaj
- Dosye medikal
- Kat didantite militè, Etazini
- Paspò
- Souch chèk peman, avèk non moun nan
- Kat didantite leta bay, avèk pòtre moun nan
- Kat Sekirite Sosyal
- Lèt alokasyon siplemantè SSI
- Dokiman chomè
- Kat pou anrejistre pou vote

Si w kapab, pote pyès sa a yo pou TOUT moun nan fanmi w kap mande WIC:

- DOSYE VAKSEN pou tibebe oswa timoun
- Nimewo Sekirite Sosyal
- Papye rekòmandasyon doktè pou WIC nan Florida, avèk tout enfòmasyon doktè oswa anplwaye klinik la ekri ladan l
- Kat EBT WIC-ou, si w genyen li

Depatman Agrikilti Etazini-an (U.S.) entèdi diskriminasyon kont kliyan, anplwaye avèk aplikan pou travay li yo sou fòm rasyal, koulè po, orijin nasyonal, laj, andikap, sèks, idantite seksyèl, relijyon, revanj, ak kote ki aplikab, konviksyon politik, eta sivil, sityasyon famiyal oswa parantal, oryantasyon seksyèl, oswa tout oubyen yon pati nan revni yon moun soti nan ki nenpòt pwogram asistans piblik, oswa enfòmasyon jenetik pwoteje nan travay oswa nan nenpòt pwogram oswa aktivite ki fèt oswa ki te fonde pa Depatman an. (Se pa tout baz entèdi ki va aplikab nan tout pwogram ak/oswa aktivite anplwa.) Si ou ta vle pote plent diskriminasyon de pwogram Dwa Sivil, ranpli Fòm Plent Diskriminasyon Pwogram USDA a, sou entènèt la nan http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html, oswa nan nenpòt biwo USDA, oswa rele (866) 632-9992 pou mande pou fòm nan. Ou kapab osi ekri yon lèt ki genyen tout enfòmasyon ke yo mande nan fòm nan. Voye fòm plent ou ranpli a oswa lèt ou a pou nou pa lapòs nan U.S. Department of Agriculture, Director, Office of Adjudication, 1400 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20250-9410, pa faks (202) 690-7442, oswa voye yon imèl nan program.intake@usda.gov. Moun ki soud, mal pou tande oswa ki gen pwoblèm pou pale ka kontakte USDA nan Sèvis "Relay" Federal la nan (800) 877-8339; oswa (800) 845-6136 (Panyòl). USDA se yon founisè ak anplwayè ki bay opòtinite egal.

Prèw lajan moun nan touche. Tanpri, pote prèw ki montre konbyen lajan **TOUT MOUN** ki rete lakay ou touche, menm si yo pa fanmi w. **Men kisa ki konte kòm lajan moun touche:**

Ki kalite lajan	Prèw lajan moun lakay ou touche
Kalifikasyon otomatik sou lajan moun touche	<ul style="list-style-type: none"> Anons sou aksyon ki pral pran pou Medicaid, Asistans Manje (Food Assistance) oswa lajan pou édé tanporèman (TCA), ki montre kalifikasyon moun nan, oswa kèk moun nan fanmi l, pou kounye a
Konpansasyon pou divòs ak/oswa sipò pou pitit	<ul style="list-style-type: none"> Desizyon tribinal oswa lòd divòs, avèk kantite lajan pou konpansasyon ak/oswa sipò pou pitit, oswa Papye tribinal bay ki soti nan konpyoutè, oswa lèt ki gen dat ak siyati ki soti nan tribinal oswa nan men moun kap peye a, pou montre konbyen lajan kap peye kounye a pou konpansasyon pou divòs ak/oswa sipò pou pitit
Travay (pou TOUT travay) – salè, peman pou travay, frè, poubwa, bonis, peman pou lè travay siplemantè, komisyon	<ul style="list-style-type: none"> Yon souch peman ou fèk resevwa, pandan 30 jou ki fèk pase yo, ki montre kantite lajan anvan taks*, epi pou konbyen tan peman an ye, tankou pou chak semenn, chak 2 semenn, chak mwa, oswa Yon lèt ki gen dat ak siyati (sou papye antèt konpayi an) patwon w ekri, pou montre konbyen ou touche anvan taks*, pou tan li montre a, oswa Papye taks 1040 ES pou chak trimès, avèk dat ki pa pi lwen pase 90 jou, oswa Papye taks 1040 osnon papye taks W-2 pou ane ki pase a (yo kapab sèvi pou mwa janvyè ak fevriye sèlman)
Peman pou mete timoun rete nan fanmi oswa nan refij kap okipe yo	<ul style="list-style-type: none"> Kopi dènye chèk ki voye bay mèt kay la oswa direktè refij la, pou timoun yo mete rete nan fanmi oswa nan refij kap okipe l la, oswa Lèt ki gen dat ak siyati Depatman pou Timoun ak Fanmi (Department of Children and Families) ekri pou mete timoun rete nan fanmi oswa nan refij kap okipe l la, epi ki montre konbyen lajan yo peye, ak chak konbyen tan, pou mete timoun nan la, oswa Desizyon tribinal pou mete timoun rete nan fanmi oswa nan refij la, ki montre konbyen lajan yo peye, ak chak konbyen tan, pou okipe timoun nan
Enterè oswa dividann	<ul style="list-style-type: none"> Deklarasyon labank oswa dokiman lòt konpayi, ki montre dat ak kantite lajan yo peye moun nan regilyèman, oswa moun nan touche osnon retire nan kanè epay, envestisman, fon epay, pwopriyete, bon, elatriye...
Moun kap viv sou ekonomi yo	<ul style="list-style-type: none"> Kanè epay, oswa deklarasyon labank ki montre lajan moun nan tire, kit se regilyèman, kit se pa regilyèman
Manman lajan	<ul style="list-style-type: none"> Yo konsidere peman an gro (Lump sum payments) tankou “nouvo lajan” enkli: kado, eritaj, peman dedomajman, gányan oswa peman de lotri, jwèt pou lajan, jwèt aza oswa bengo
Militè	<ul style="list-style-type: none"> Dènye Etadkont Konje ak Salè (LES) ki montre kantite lajan anvan taks—li bon pou jiska 60 jou
Lajan lwaye rapòte	<ul style="list-style-type: none"> Papye taks 1040 ES pou chak trimès, avèk dat ki pa pi lwen pase 90 jou, oswa Rejis oswa lòt dosye ki montre dat ak kantite lajan total moun nan resevwa, oswa Papye taks 1040 pou ane ki pase a
Retrèt	<ul style="list-style-type: none"> Dènye souch chèk peman ki montre konbyen moun nan touche, epi chak konbyen tan, oswa Deklarasyon ki montre konbyen moun nan ap touche kounye a, pou pansyon, rant, oswa retrèt, epi chak konbyen tan
Moun ki travay poukont yo	<ul style="list-style-type: none"> Liv kontabilite konpayi, ki gen dènye enfòmasyon pou mwa kounye a, oswa Papye taks 1040 ES pou chak trimès, avèk dat ki pa pi lwen pase 90 jou, oswa Papye taks 1040 pou ane pase a (avèk enfòmasyon ki rive nan mwa anvan sètifikasyon an); kapab sèvi pou montre « pèt lajan nan komès oswa lajan komès moun nan rapòte »
Sekirite Sosyal, alokasyon siplemantè (SSI)	<ul style="list-style-type: none"> Dènye souch chèk peman, oswa dènye chèk, oswa kopi dènye chèk moun nan, ki montre konbyen lap touche kounye a, epi chak konbyen tan, oswa Lèt biwo Sekirite Sosyal ki gen siyati ak dat, ki montre yo aksepte peye moun nan, epi konbyen lajan, ak chak konbyen tan, oswa Deklarasyon labank ki montre konbyen lajan yo depoze dirèk pou peye moun nan, oswa Papye taks 1099 pou ane ki pase a
Konpansasyon pou chomè oswa travayè ki malad	<ul style="list-style-type: none"> Dènye souch chèk peman ki montre konbyen moun nan touche, epi chak konbyen tan, oswa Lèt oswa dokiman ki gen siyati ak dat, ki soti nan Biwo Chomè oswa konpayi asirans, pou montre konbyen moun nan ap touche kounye a, epi chak konbyen tan
Avantaj pou ansyen militè	<ul style="list-style-type: none"> Lèt oswa dokiman ki gen siyati ak dat, ki soti nan biwo Veteran Administration, pou montre konbyen moun nan ap touche kounye a, epi chak konbyen tan
Lajan kach moun nan touche regilyèman	<ul style="list-style-type: none"> Lèt ki gen siyati ak dat, yon moun (ki pa rete nan menm kay la) kap voye lajan regilyèman nan kay la ekri, pou montre konbyen lajan li abitye voye kounye a

* Lajan ki touche anvan taks = Lajan moun touche anvan yo retire taks oswa dediksyon sou li